



Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE VIKTIM KRIM
RAYISANS YO KONT MOVE TRETMAN KONPAYI ASIRANS YO**

***Lejislasyon (S.7658-B/A.8869-B) pwoteje moun yo kont anilasyon polis asirans yo
oswa kont ogmantasyon tarif sou baz ke yon demandè te viktim yon krim
rayisans***

Gouvènè Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.7658-B/A.8869-B) ki pwoteje viktim krim rayisans yo kont move tretman konpayi asirans yo. Nouvo lwa a entèdi konpayi asirans yo anile asirans yo, ogmante prim yo, refize emèt yon polis oswa refize renouvle yon nouvo polis sèlman poutèt te gen youn oswa plizyè reklamasyon ki te fèt pou yon pèt akòz yon krim rayisans. Nouvo lwa sa a pral aplike pou moun, òganizasyon relijye, oswa òganizasyon san bi likratif ki òganize ak opere pou rezon relijye, charitab oswa edikatif.

"New York kanpe fèm kont zak rayisans kèlkeswa kote yo rive, epi n ap kontinye rann moun ki komèt krim terib sa yo responsab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Si yo vize yon moun pou yon krim rayisans, dènye bagay yo ta dwe gen pou enkyete yo se pèdi asirans yo, epi avèk lejislasyon sa a n ap pran mezi pou pwoteje viktim yo epi asire yo trete chak Nouyòkè avèk diyite ak respè".

Lejislasyon (S.7658-B/A.8869-B) ajoute yon nouvo seksyon nan lwa asirans ki entèdi yon konpayi asirans ki emèt polis nan New York anile, ogmante prim lan, refize bay oswa refize renouvle yon polis sèlman sou baz ke youn oswa plizyè reklamasyon yo te fè kont polis la pandan senk ane ki sot pase yo pou yon pèt ki se rezilta yon krim rayisans yo te komèt kont moun oswa pwopriyete asirans lan, si asirans lan bay prèv bay konpayi asirans lan ke zak ki lakòz yon pèt konsa se yon krim rayisans. Li asire tou moun ki komèt krim rayisans yo pa ka sèvi ak lejislasyon an pou pwoteje tèt yo kont ogmantasyon pousantaj oswa anilasyon kòm konsekans krim yo menm yo te komèt la.

Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare, "Antanke yon refijye jwif ki te vini nan peyi sa a ki te sove anba vyolans antisemit nan peyi mwen an, kè m ap dechire kont eksplozyon rayisans ak vyolans ekstremis nou wè nan peyi sa a depi pandemi an. Mwen fyè pou m leve kanpe epi lite kont rayisans nan chak opòtinite, men nou bezwen fè plis, epi pake lejislatif sa a se yon etap enpòtan pou fè klè ke rayisans pa gen plas nan Eta New York. Okenn moun ki viktim yon krim rayisans pa ta dwe pè reprezay nan

men konpayi asirans yo jis paske yo rapòte sa ki te rive yo, epi chak viktim ta dwe santi yo alèz pou yo rapòte rayisans bay lapolis pou pèmèt jistis yo fèt. Mwen rekonesan pou efò Gouvènè a ap fè pou atake kriz sa a davans, epi paske l siyen pwojè lwa sa a pou retire obstak pou jistis ki kontinye fè viktim yo mal".

Manm Asanble Simcha Eichenstein te deklare, "Viktim krim rayisans yo pa merite pou yo fè diskriminasyon kont yo menm yon lòt fwa ankò. Pwojè lwa sa a pral asire ke konpayi asirans yo kenbe polis yo malgre nenpòt reklamasyon yo fè akòz krim rayisans. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske l rekonèt enpòtans pwojè lwa sa epi paske l defann dwa viktim yo".

Depi Gouvènè Hochul te antre an fonksyon, li te pran mezi solid pou konbat vyolans rayisans ak tout fòm krim rayisans. Nan mwa novanm, Gouvènè Hochul te siyen [lejislasyon](#) ki mande moun yo kondane pou krim rayisans yo pou yo sibi fòmasyon ak sesyon konsèy obligatwa, epitou pou etabli yon kanpay nan tout eta a pou akseptasyon, enklizyon, tolerans, ak konpreyansyon divèsite, ki gen ladan, men pa limite a divèsite ki baze sou relijyon, ras, koulè, kwayans, sèks, apatenans etnik, orijin nasyonal, laj, andikap, oryantasyon seksyèl, idantite sèksyèl oswa ekspresyon. Gouvènè a [te anonse](#) tou 50 milyon dola pou ranfòse mezi pwoteksyon ak sekirite nan òganizasyon san bi likratif, kominotè ki gen risk sibi krim rayisans, anplis 46 milyon dola nan finansman federal pou 240 òganizasyon san bi likratif atravè eta a ki fè fas ak plis risk atak teworis. Sa fonde sou [sibvansyon](#) 43 milyon dola ane pase ke yo te bay 362 òganizasyon san bi likratif pou ede ranfòse enfrastrikti sekirite ak amelyore preparasyon kont atak krim rayisans potansyèl yo. Anplis de sa, [Bidjè Adopte Ane Fiskal 2023](#) Gouvènè a elaji elijiblite pou arestasyon ak kosyon pou krim rayisans, sa ki fè tout krim rayisans ki elijib pou arestasyon si moun nan gen dizwit oswa plis.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418